



Prezidan Dieter F. Uchtdorf
Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan

Lanmou pafè chase tout krent

*Annou abandone krent nou yo epi viv pito ak lajwa, lesperans,
ak yon konfyans fèm ke Senyè a avèk nou.*

Frè ak sè byeneme m yo, chè zanmi mwen, ala yon privilèj ak yon lajwa sa ye pou n rasanble antanke yon Legliz mondyal, ini nan lafwa nou ak amou nou pou Bondye ak pitit Li yo.

Mwen patikilyèman rekonesan pou prezans pwofèt byeneme nou an, Prezidan Thomas S. Monson. Prezidan, n ap toujou kwè ak obeyi pawòl direksyon, konsèy ak sajès ou yo. Nou renmen ou, Prezidan Monson, e nou toujou priye pou ou.

Sa gen kèk ane, pandan m t ap sèvi kòm prezidan pieu nan Francfort, an Almay, yon chè sè ki aparaman pa t kontan te vin kote m nan fen youn nan reyinyon pieu nou yo.

Li te di: “Èske sa pa terib? Dwe te gen kat oubyen senk moun ki t ap dòmi byen pwofon pandan diskou w la!”

M te reflechi yon ti moman epi m te reponn: “Mwen prèske si ke dòmi nan legliz la se youn nan pi bon dòmi ki genyen.”

Madanm mwen, Harriet, te tande echanj sa a epi nan apre li te di sete youn nan pi bèl repons m te janm bay.

Gran Revèy la

Sa gen kèlke ane, nan Amerik diNò a, yon mouvman ki te rele “Gran Revèy” te simaye toupatou nan zòn andeyò yo. Youn nan objektif prensipal li sete pou reveye moun ki te parèt andòmi nan zafè bagay spirityèl yo.

Jèn Joseph Smith te enfliyans pa sa l te tande nan bouch pastè yo ki te fè pati revèy relijye sa a. Se youn nan rezon k fè l te deside chèche konn volonte Senyè a sensèman nan lapriyè.

Pastè sa yo te gen yon estil prèch dramatik ak emouvan, avèk diskou ki te rekoni poutèt gwo ensistans yo te mete sou gwo laterè ki t ap tann pechè yo nan lanfè.¹ Diskou yo pa t andòmi moun—men yo te ka petèt lakoz kèlke kochma. Objektif yo ak chema yo sete petèt pou yo te fè moun yo pè, pou yo te ka vin legliz.

Laperèz kòm manipilasyon

Istorikman, yo te souvan itilize laperèz kòm yon mwayen pou pouse moun fè aksyon. Paran konn itilize l avèk pitit yo, patwon avèk anplwaye yo, epi politisyen avèk moun k ap vote yo.

Espesyalis nan zafè komès yo konprann pouvwa laperèz e yo itilize l souvan. Se poutèt sa kèk piblisite sanble yo transmèt mesaj souzantandi ki di, si nou pa achte mak sereyal pa yo a pou dejene oubyen si nou rate dènye jwèt videyo a oubyen dènye telefòn selilè a, nou riske mennen youn lavi mizerab epi mouri poukont nou nan tristès.

Nou souri lè nou tande sa epi nou panse ke nou pa t ap janm tonbe nan atrap yon manipilasyon konsa, men, se sa nou fè pafwa. Sa k pi mal la, nou pafwa itilize menm metòd sa yo pou konvenk lòt moun pou yo fè sa nou vle.

Mesaj mwen jodia gen de bi: Premye a se pou priye nou pou n reflechi epi panse jiska ki pwen *nou* itilize laperèz pou motive lòt moun—enkli noumenm. Dezyèm nan se pou sigjere youn pi bon metòd.

Pwoblèm ki genyen avèk laperèz

Toudabò, ann pale sou pwoblèm laperèz la. Apre tou, kiyès nan nou ki pa janm santi laperèz pouse l pou l manje pi byen, mete senti sekirite, fè plis egzèsis, fè ekonomi, oubyen menm repanti pou peche?

Se vre ke laperèz kapab gen yon enfliyans pisan sou aksyon nou ak konpòtman nou. Men, enfliyans sa a gen tandans pou l tanporè ak sipèfisyèl. Laperèz raman gen pouvwa pou chanje kè nou, e li pap janm

transfòme nou pou fè nou vin tounen moun ki renmen sa ki byen epi ki vle obeyi Pè Selès la.

Moun ki pè yo gen dwa *di* oubyen fè bagay egzat yo, men yo pa *santi* bagay egzat yo. Yo souvan santi yo san defans e irite, menm fache. Avèk letan, santiman sa yo mennen nan mefyans, mepri, ak menm rebelyon.

Malerezman, move apwòch sa a sou lavi ak sou dirije sa a pa limite ak moun nan mond la sèlman. Sa fè m mal pou m tande gen manm Legliz k ap egzèse dominasyon enjis—kese-swa nan fwaye yo, nan apèl yo nan Legliz la, nan travay, oswa nan relasyon jounalye yo avèk lòt moun.

Souvan, moun ka kondane pèsèkisyon nan lòt moun, men, yo pa ka wè l nan yomenm. Yo egzije pou lòt moun konfòme yo avèk règ abitrè yo, men lè lòt moun pa suiv règ sa yo, yo reprimande yo vèbalman, emosyonèlman, e pafwa menm fizikman.

Senyè a di “lè nou . . . nou egzèse kontwòl oubyen dominasyon oubyen presyon sou nanm pitit lèzòm, nan nenpòt degre enjistis, . . . syèl la wete tèt li [epi] Lespri Senyè a atriste.”²

Ka gen moman kote nou tante pou n jistifye aksyon nou, nan kwè ke rezilta a jistifye mwayen yo. Nou ka menm panse ke kontwole lòt moun, manipile yo, ak trete yo mal se pou byen yo. Se pa vre, paske Senyè a di klèman ke “fwi Lespri a se lanmou, lajwa, lapè, pasyans, jantiyès, bonte, lafwa, dousè, [ak] tanperans.”³

Yon pi bon mwayen

Plis m vin konn Pè Selès la, se plis m wè kijan li enspire ak dirije pitit li. Li pa ankòlè, ni plen vanjans, ni chèche kont.⁴ Men objektif li—travay li ak laglwa li—se pou gide nou, egzalte nou, epi mennen nou nan plenitud li.⁵

Bondye te dekri tèt li bay Moyiz kòm yon Bondye “plen mizèrikòd e konpatisan, ki pasyan, ki rich an bonte ak verite.”⁶

Lanmou Papa nou ki nan syèl la pou noumenm, pitit li yo, se

yon bagay depasan ke nou pa ka konprann.⁷

Èske sa vledi Bondye tolere oubyen fèmen je l sou konpòtman ki al nan sans kontrè ak kòmandman l yo? Non, definitivman non!

Men, li vle chanje plis pase jis konpòtman nou. Li vle chanje pwòp nati nou. Li vle chanje kè nou.

Li vle nou lonje lamèn pou n kenbe ba fè a fèm, afwonte laperèz nou yo, epi bravman avanse e elve nou sou wout dwat ak kwense a. Li vle sa pou nou paske li renmen nou epi paske sa se chemen bonè a.

Konsa, kijan Bondye motive pitit li yo pou yo suiv li nan epòk nou an?

Li te voye Pitit Gason L lan!

Bondye te voye Sèl Pitit Gason Literal li a, pou montre nou vrè chemen an.

Bondye motive nou nan pesyade, avèk pasyans, ak jantiyès, dousman, epi avèk amou enfayib.⁸ Se nan kan pa nou Bondye ye. Li renmen nou, epi lè nou bite, Li vle nou leve, eseye ankò, epi vin pi solid.

Li se gid nou.

Li se gwo espwa ke nou cheri.

Li vle motive nou ak lafwa.

Li gen konfyans ke n ap aprann apati erè nou yo epi fè chwa ki kòrèk.

Sa se pi bon fason an!⁹

E apwopo mal yo ki nan mond lan?

Youn nan fason Satan vle nou manipile lòt moun se nan konsantre sou mal ki nan mond lan e menm egzajere yo.

Asireman mond nou an te toujou enpafè, e l ap kontinye enpafè. Twòp pil moun inosan ap soufri akòz sikonstans lanati osi byen akòz mank imanite lakay lèzòm. Koripsyon ak mechanste nan epòk nou yo san parèy epi yo enkyetan.

Men malgre tout sa, m pa ta renmen chanje epòk m ap viv la avèk okenn lòt epòk nan istwa mond lan. Nou gen benediksyon depase pou n viv nan yon epòk pwosperite, limyè ak avantaj san parèy. Plis pase tout sa, nou gen benediksyon plenitud levanjil

Jezi a, ki ba nou yon pèspektiv enkonparab sou danje ki nan mond lan e ki montre nou kijan pou nou oubyen evite yo oubyen trete yo.

Lè m panse ak benediksyon sa yo, m anvi mete m ajenou pou m ofri lwanj pou Pè Selès nou an pou lanmou enfini li pou tout pitit li yo.

M pa kwè Bondye vle pou pitit li pè oubyen pou yo rete chita sou mal ki nan mond lan. “Paske se pa yon espri laperèz Bondye mete nan nou; men, se yon espri fòs, lanmou, ak sajès.”¹⁰

Li ba nou yon abondans rezon pou nou rejwi. Nou jis bezwen jwenn yo epi rekonèt yo. Senyè a souvan raple nou pou nou “pa pè,” pou nou “pran kouraj,”¹¹ epi “pa pè, ti twoupo.”¹²

Senyè a ap konbat pou nou

Frè m ak sè m yo, nou se “ti twoupo” Senyè a. Nou se Sen dènnye jou. Yon bagay karakteristik nan non nou se angajman pou nou tann retou Sovè a ak lajwa ak prepare mond lan pou resevwa Li. Se poutèt sa, annou sèvi Bondye epi renmen pwochen nou. Annou fè sa avèk yon konfians tou natirèl, avèk imilite, san nou pa janm meprize okenn lòt relijyon ni okenn lòt gwoup moun. Frè m ak sè m yo, nou gen tach pou n etidye pawòl Bondye a epi koute vwa Lespri a, pou nou ka “konnen siy tan yo, ak siy aparisyon Pitit Lòm nan yo.”¹³

Se poutèt sa, nou pa inyore pwoblèm ki nan mond lan, ni nou pa inyore difikilte epòk nou yo. Men sa pa vledi pou nou chaje tèt nou oubyen chaje lòt moun ak freyè konstan. Olye nou ret chita sou gwosè pwoblèm nou yo, èske l pa t ap pi bon pou n ta konsantre sou grandè enfini, bonte ak pouvwa absoli Bondye nou an, pou nou fè l konfyans, epi prepare n jwayezman pou retou Jezi, Kris la?

Antanke pèp alyans Li, nou pa bezwen kite laperèz paralyze nou paske move bagay gen dwa rive. Men, nou ka avanse ak lafwa, kouraj, detèminasyon, ak konfyans nan Bondye pandan n ap afwonte pwoblèm ak opòtinite pi devan yo.¹⁴

Nou p ap mache sou wout disip la poukont nou. “Senyè Bondye nou an . . . ap mache avèk nou; li p ap janm lage nou, li p ap janm abandone nou.”¹⁵

“Letènèl pral konbat pou nou, epi noumenm, poze san nou.”¹⁶

Anfas laperèz, annou jwenn kouraj nou, rasanble lafwa nou, epi mete konfyans nan pwomès ke “tout zàm y ap pran pou sèvi kont [nou] p ap mache. . . . Sa se eritaj sèvitè Letènèl yo.”¹⁷

Èske n ap viv nan yon tan danje ak toumant? Natirèlman.

Bondye Limenm te di: “Nou va gen tribilasyon nan mond lan: men, pran kouraj; mwen te venk mond lan.”¹⁸

Èske nou ka egzèsè lafwa pou n kwè ak aji an konsekans? Èske nou ka viv alawotè angajman ak alyans sakre nou yo? Èske nou ka respekte kòmandman Bondye yo menm nan sikonstans difisil? Men wi, nou kapab!

Paske Bondye pwomèt: “tout bagay ap travay ansanm pou byen nou, si nou mache dwat.”¹⁹ Konsa, annou abandone krent nou yo epi annou viv ak lajwa, lespwa, ak yon konfyans fèm ke Senyè a avèk nou.

Lanmou pafè chase tout krent

Zanmi byeneme mwen, chè frè m ak sè m yo nan Kris la, si nou janm twouve n ap viv nan laperèz ak ank-syete, oubyen si nou janm twouve ke pawòl nou, atitid nou, oswa aksyon nou ka lakoz lòt moun pè, annou konsidere remèd divin yo ba nou pou laperèz la: amou pi Kris la, paske “amou pafè chase tout krent.”²⁰

Amou pafè Kris la efase tantasyon pou nou blese, entimide, pèsekite oswa oprime lòt moun.

Amou pafè Kris la pèmèt nou mache ak imilite, diyite, ak yon konfyans fèm kòm disip Sovè byeneme

nou an. Amou pafè Kris la ba nou konfyans fèm pou n simonte krent nou yo epi mete konfyans total nan pouvwa ak bonte Pè Selès nou an, ak Pitit Gason L lan, Jezikri.

Nan fwaye nou, nan lye travay nou, nan apèl nou nan Legliz la, nan tout relasyon nou avèk pwochen nou, epi nan kè nou, annou ranplase lakrent pa amou pafè Kris la. Amou Kris la ranplase krent pa lafwa!

Amou li ap pèmèt nou rekonèt, mete konfyans, e gen lafwa nan bonte Papa a, nan plan diven L la, nan levanjil Li a, ak nan kòmandman L yo. ²¹ Renmen Bondye ak pwochen nou ap fè obeyisans nou nan kòmandman Bondye yo vin tounen yon benediksyon olye de yon fado. Amou Kris la ap ede nou vin yon ti jan pi janti, pi padonan, pi sousye, e pi devwe nan travay Li.

Si nou ranpli kè nou ak lanmou Kris la, n ap vin gen yon espri spirityèlman renouvle epi nou va mache jwayezman, ak konfyans, vivifye, epi egzalte nan limyè ak lagwa Sovè byeneme nou an, Jezikri.

Mwen temwaye, avèk Apot Jan, ke, “pa gen krent nan amou [Kris] la.”²² Frè m ak sè m yo, chè zanmi mwen, Bondye konnen nou pafètman. Li renmen nou pafètman. Li konnen sa demen ap pote. Li vle pou nou “pa pè, men kwè sèlman”²³ epi pou nou “demere nan amou [pafè] Li.”²⁴ Sa se priyè mwen ak benediksyon mwen, nan non Jezikri, amèn.

NÒT

1. George Whitefield ak Jonathan Edwards se de gwo egzant sou kalite pastè sa yo.
2. Doktrin ak Alyans 121:37.
3. Galat 5:22–23
4. Nan yon okazyon, Sovè a te vle antre nan yon vilaj Samariten, men moun yo te rejte Jezi e yo pa t vle resevwa l nan vilaj yo a. De nan disip li yo te ofanse anpil poutèt sa epi yo te mande “Senyè, ou pa ta vle nou bay lòd pou dife nan syèl la desann pou fini avèk yo? Jezi te reponn ak avètisman sa a: “Nou pa konn


ki kalite espri ki posede nou la a. Paske Pitit Gason Lòm nan pa vin pou detwi lavi lèzòm men pou sove yo” (gade Lik 9:51–56, Nouvo vèsyon Wa Jak la [1982]).

5. Gade Moyiz 1:39; gade tou Efezyen 3:19.
6. Egzòd 3:8.
7. Gade Moza 3:19.
8. Gade Doktrin ak Alyans 121:45 Si Bondye atann ke noumenm, pitit mòtèl li yo, nou konpòte nou nan fason sa a anvwè lòt moun, Li—yon èt pafè ki posede tout vèti—dwe sètènman rete modèl nou pou yon konpòtman konsa.
9. Konsèy pre mòtèl la nan syèl la se yon etid ekselan sou ka ki demontre pèsonalite Bondye. Lè sa a, Pè Selès la te prezante plan l la pou pwogresyon etènèl nou. Pami eleman kle plan sa a, te gen libabit, obeyisans, ak sali atravè Ekspyasyon Kris la. Men, Lisifè te pwo-poze yon apwòch diferan. Li te bay garanti ke tout moun t ap obeyi—okenn moun pa t ap pèdi. Sèl mwayen pou l te akonpli bagay sa a se t ap pa lafòs ak tirani. Men, Pè Selès eman nou an pa t apwouve yon plan konsa. Li te bay libabit pitit li yo valè. Li te konnen ke nou t ap oblije fè erè sou wout la pou nou te ka vrèman aprann. Epi, se poutèt sa, li te prevwa yon Sovè, ke sakrifis etènèl li t ap pwòpte nou soti anba peche e pèmèt nou retounen nan wayòm Bondye a.
- Lè Pè Selès nou an te wè ke Lisifè te sedui anpil nan pitit byeneme l yo, èske l te fòse yo pou yo te suiv plan l lan? Èske l te entimide oubyen menase sila yo ki te fè chwa terib sa a? Non Bondye toupuisan nou an te ka sètènman stope rebelyon sa a. Li te gen dwa enpoze volonte l sou rebèl sa yo epi fè yo soumèt yo. Men olyesa, li te kite pitit li yo chwazi pou tèt pa yo.
10. 2 Timote 3:7.
11. Gade, paregzant, Joze 1:9; Ezayi 41:13; Lik 12:32; Jan 16:33; 1 Pyè 3:14; Doktrin ak Alyans 6:36; 50:41; 61:36; 78:18.
12. Lik 12:32
13. Doktrin ak Alyans 68:6.
14. Konsèy Moyiz te bay moun nan epòk li yo toujou aplikab: “Nou pa bezwen pè. . . . Gade delivrans Letènèl pral akonpli pou nou jodia.” (Egzòd 14:13, Nouvo vèsyon Wa Jak la).
15. Detewonòm 31:6.
16. Egzòd 14:14, Nouvo Vèsyon Wa Jak la.
17. Ezayi 32:17.
18. Jan 16:33.
19. Doktrin ak Alyans 90:24; gade tou 2 Korentyen 2:14; Doktrin ak Alyans 105:14
20. 1 Jan 4:21
21. Anfèt, “Li pa fè anyen si se pa pou benefis mond lan; paske li renmen mond lan tèlman, li bay lavi pa l pou l kapab atire tout moun sou li” Jan 3:17 Anfèt, “Li pa fè anyen si se pa pou benefis mond lan; paske li renmen mond lan tèlman, li bay lavi pa l pou l kapab atire tout moun sou li” 2 Nephi 26:24.
22. 1 Jan 4:18; gade tou 1 Jan 4:16.
23. Mak 5:36.
24. Jan 15:10.

Ansèyman pou epòk pa nou an

Soti Me 2016 rive Oktòb 2016, leson katriyèm Dimanch pou Prètriz Mèlki-sedèk ak Sosyete Sekou yo dwe prepare apati youn oubyen plis nan diskou yo te bay nan konferans jeneral Avril 2017 la. An Oktòb 2017, nou gen dwa chwazi diskou yo oubyen nan konferans jeneral Avril la oubyen nan sa Oktòb la. Prezidan pieu ak distri yo dwe chwazi ki diskou pou yo itilize nan zòn pa yo a, oubyen yo ka delege responsablite sa a bay evèk yo ak prezidan branch yo.

Diskou yo disponib nan plizyè lang nan conference.lds.org.



Prezidan Thomas S. Monson

Pouvwa Liv Mòmòn an

Mwen sipliye nou chak pou, nan lapriyè, nou etidye ak medite sou Liv Mòmòn an chak jou.

Chè frè m ak sè m yo, mwen salye nou trè kòdyalman pandan n ap rankontre ankò nan yon gran konferans jeneral Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Anvan m kòmanse diskou m nan jodia, m ta renmen anonse senk nouvo tanp ki pral bati nan kote sa yo: Brasília, Brésil; gran Manila, Philippines; Nairobi, Kenya; Pocatello, Idaho, Etazini; ak Saratoga Springs, Utah, Etazini.

Maten an, m ap pale de pouvwa Liv Mòmòn an ak bezwen enpòtan nou genyen kòm manm Legliz sa a pou nou etidye, medite, epi aplike ansèyman l yo nan lavi nou. Nou pa

dwe neglije enpòtan pou nou gen yon temwanyaj ki fèm ak asire konsènan Liv Mòmòn an.

N ap viv nan yon tan ki gen anpil pwoblèm ak anpil mechanste. Kisa ki pral pwoteje nou anba peche ak mal k ap fè ravaj nan monn lan jodia ? Mwen afime ke yon temwanyaj solid sou Sovè nou an, Jezikri, ak sou levanjil Li a ap ede nou jwenn sekirite. Si w pa li Liv Mòmòn an chak jou, silvoulè fè sa. Si w li l nan lapriyè epi ak yon dezi sensè pou w konnen laverite, Sentespri a ap manifèste verite a nan kè ou. Si l se verite—e m temwanye nou solanèlman ke l se verite—enben Joseph Smith sete yon

pwofèt ki te wè Papa a ak Pitit Gason L la, Jezikri.

Paske Liv Mòmòn an vrè, Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo se Legliz Senyè a isit sou tè a, epi sent prèttriz Bondye a te retabli pou benefis ak benediksyon pitit Li yo.

Si nou pa gen yon temwanyaj ki fèm konsènan bagay sa yo, fè sa ki nesèsè pou nou jwenn yonn. Li esansyèl pou nou gen pwòp temwanyaj pa nou nan moman difisil sa yo, paske temwanyaj lòt moun yo kapab sipòte nou sèlman jiska yon sèten pwen. Men, yon fwa nou jwenn ni, yon temwanyaj bezwen rete enpòtan epi vivan atravè obeyisans kontinèl nan kòmandman Bondye yo epi atravè priyè ak etid chak jou.

Chè asosye m yo nan travay Senyè a, mwen sipliye nou pou, nan lapriyè, nou chak etidye e medite Liv Mòmòn an chak jou. Si nou fè sa, n ap nan yon pozisyon pou nou tandè vwa Lespri a, pou n reziste anba tantasyon, pou n simonte dout ak laperèz, epi pou n resevwa èd Syèl la nan lavi nou. Mwen temwanye nou konsa ak tout kè m, nan non Jezikri, amèn.